

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina hirup kumbuhna manusa mikabutuh komunikasi. Komunikasi téh nya éta hiji kagiatan antara panyatur jeung pangregep pikeun nepikeun tur nyangking informasi. Dina éta kagiatan komunikasi, salasihiji pakakas nu biasa dipaké téh nya éta basa.

Basa téh minangka salasihiji alat pikeun ngébréhkeun pikiran, rasa, tur gagasan nu aya dina uteuk, anu satuluyna diungkarakeun ku rupa-rupa cara, boh sacara lisan boh sacara tulisan.

Basa Sunda minangka basa daérah nu jadi salasihiji kabeungharan budaya kudu dimumulé tur dipaké ku masarakatna. Ieu hal dumasar kana ungkara yén basa téh cicirén bangsa. Saupama basana teu dipaké, hartina éta bangsa bakal kaleungitan ciri atawa idéntitasna.

Dina basa Sunda dipikawanoh ayana tatakrama basa. Tatakrama basa atawa anu biasa disebut undak-usuk basa lain ngan mangrupa kabeungharan kecap dina basa Sunda hungkul, tapi ogé éta tatakrama basa téh minangka cicirén urang Sunda dina silih ajénan antara manusa. Dina éta tatakrama basa téh panyatur kudu merhatikeun saha nu diajak nyarita atawa saha anu dicaritakeun, naha éta téh jalma nu saluhureun, sasama atawa sahandapeun.

Ayana ieu tatakrama basa téh éstuning penting pisan, nilik karakter urang Sunda nu geus kawéntar minangka kaum nu soméah tur mupunjung pisan kana sopan santun. Salian ti éta, sacara psikologis ku cara ngagunakeun tatakrama basa bakal aya béda antara jalma anu sok ngalarapkeun tatakrama basa dina hirup kumbuh sapopoéna jeung jalma nu henteu maké tatakrama basa. Biasana jalma nu sok ngalarapkeun tatakrama basa mah mangaruhan ogé kana sikepna anu lewih amis budi. Ieu hal ogé bakal mangaruhan ka jalma anu disanghareupanana. Biasana ari ka jalma anu sok ngalarapkeun tatakrama basa mah, jalma lian ogé sok rada *seگان* tur leuwih ngajénan.

Tapi dina jaman kiwari mah, kamampuh nyarita ngagunakeun tatakrama basa téh beuki ngurangan, hususna di kalangan pelajar. Nurutkeun hasil observasi, katitén yén lolobana siswa sapopoéna ngagunakeun basa loma, nu antukna siswa leuwih loba ngalarapkeun basa loma ka saha baé nu diajak nyarita, boh ka saluhureun boh ka sahandapeun.

Para siswa geus miboga pamikiran yén diajar basa sunda téh hésé. Komo deui lamun kudu diajar tatakrama basa anu kekecapanana loba, siswa téh beuki teu sumanget waé pikeun diajar. Aya ogé siswa nu teu apal kana ayana undak-usuk atawa tatakrama basa. Nu dipikawanoh ku maranéhanana ngan ayana basa lemes jeung kasar hungkul, tanpa mikanyaho kumaha digunakeunana keur ka batur atawa keur ka sorangan. Ku ayana éta fénoména, diperlukeun ayana hiji tarékah sangkan barudak kairut pikeun diajar sarta mampuh ngalarapkeun tatakrama basa dina kahirupan sapopoé.

Sakola minangka tempat diajar tur ngatik para siswa kudu jadi pangdeudeul kana hirup huripna tatakrama basa. Ieu hal patali jeung tarékah pikeun ngawangun karakteranu kiwari keur jadi bukur catur. Ari tatakrama basa téh geus katitén mangrupa ajén kearifan lokal anu patali jeung karakter urang Sunda nu soméah, sopan, tur luhung budi. Salian ti éta, ayana pangajaran tatakrama basa ogé minangka ajang atikan pikeun kahirupan nonoman sunda dina hirup kumbuhna di masarakat. Ku kituna, ayana pangajaran tatakrama basa di sakola téh kacida perluna.

Dina pangajaran dipikawanoh aya sababaraha métode pangajaran, salasahijina nyaéta métode *Role Playing*. Métode *Role Playing* nyaéta hiji métode pangajaran anu nekenkeun kana *pemeranan*. Dina ieu métode pangajaran, ku cara merankeun hiji tokoh siswa bisa neuleuman hiji karakter, boh tina segi cara nyarita, hal anu dicaritakeun, gerak-gerik, nepi ka kumaha cara mikir atawa naon anu dirasakeun ku hiji karakter dina nyanghareupan hiji masalah.

Ieu métode bisa ngahudang sumanget diajar ku sabab siswa henteu dipaksa pikeun diajar, justru siswa dibawa kana suasana diajar anu pikaresepeun. Patali jeung diajar tatakrama basa sunda, ku cara merankeun hiji karakter siswa bakal

Dely Nurma Antari, 2014

Métode Role Playing Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nyarita Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén Ka Siswa Kelas Viia Smp Yas Bandung Taun Ajaran 2013/2014)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

bisa ngarasakeun kumaha bédana nalika nyarita bari ngalarapkeun tatakrama basa jeung nalika henteu. Ti dinya, siswa bakal ngarumasakeun kumaha pentingna ngalarapkeun tatakrama basa ti dirina sorangan. Ku ayana éta kasadaran, tinangtu kahayang pikeun diajar tatakrama basa ogé ngaronjat. Salian ti éta, ku cara ngagunakeun métode *Role Playing* siswa dibiasakeun nyarita atawa paguneman, boh éta jeung sapantaran, nu leuwih ngora, atawa nu leuwih kolot kalayan ngalarapkeun tatakrama basa.

Panalungtikan ngeunaan pangajaran pikeun ngaronjatkeun kamampuh dina ngalarapkeun tatakrama basa Sunda téh geus kungsi dilakukeun. Salasahijina panalungtikan nu digarap ku Dwi Aulia dina skripsina “Modél STAD (*Student Teams Achievement Division*) pikeun Ningkatkeun Kamampuh Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda”, sedengkeun panalungtikan ngeunaan métode *Role Playing* kungsi ditalungtik ku Zaine dina skripsina “Métode *Role Playing* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Siswa dina Maham Eusi Dongéng”. Dina ieu panalungtikan, hal anu ditalungtik nyaéta “Métode *Role Playing* pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngalarapkeun tatakrama basa Sunda”.

Pangajaran tatakrama basa téh bisa dilarapkeun ku sababaraha métode pangajaran. Salasahiji métode pangajaran téh nya éta *Role Playing* anu éféktif ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran maham eusi dongéng saperti anu diterangkeun ku Zaine dina skripsina. Perlu ditalungtik naha ieu métode *Role Playing* téh éféktif ogé pikeun ngaronjatkeun kamampuh nyarita ngagunakeun tatakrama basa atawa heunteu. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan anu judulna “Métode *Role Playing* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nyarita Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIIA SMP Yayasan Atikan Sunda Bandung Taun Ajaran 2013/2014)”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, métode *Role Playing* bisa ngahudang karep diajar. Ku kituna, sangkan henteu lega teuing dina ieu

Dely Nurma Antari, 2014

Métode Role Playing Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nyarita Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén Ka Siswa Kelas VIIA Smp Yas Bandung Taun Ajaran 2013/2014)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

panalungtikan baris museur kana panalungtikan ngeunaan métode *Role Playing* pikeun pangajaran tatakrama basa dina kaparigelan nyarita hususna dina paguneman sabab dina métode *Role Playing* aya dialog antar tokoh nu mangaruhan pisan kana kamampuh nyarita.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi di luhur, masalah ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nyarita ngagunakeun tatakrama basa Sunda siswa kelas VIIASMP Yayasan Atikan Sunda taun ajaran 2013/2014 saméméh ngagunakeun métode *Role Playing*?
- 2) Kumaha kamampuh nyarita ngagunakeun tatakrama basa Sunda siswa kelas VIIASMP Yayasan Atikan Sunda sanggeus ngagunakeun métode *Role Playing*?
- 3) Naha aya béda anu signifikan dina kamampuh nyarita ngagunakeun tatakrama basa sunda antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun métode *Role Playing*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan miboga tujuan hayang nguji métode *Role Playing* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nyarita ngagunakeun tatakrama basa Sunda.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus tujuan tina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngadéskrupsikeun:

- 1) kamampuh nyarita ngagunakeun tatakrama basa Sunda saméméh ngagunakeun métode *Role Playing*,
- 2) kamampuh nyarita ngagunakeun tatakrama basa Sunda sanggeus ngagunakeun métode *Role Playing*,
- 3) béda anu signifikan dina ngalarapkeun tatakrama basa sunda antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun métode *Role Playing*.

Dely Nurma Antari, 2014

Métode Role Playing Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nyarita Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén Ka Siswa Kelas Viia Smp Yas Bandung Taun Ajaran 2013/2014)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.4 Manfaat Panalungtikan

1.4.1 Manfaat Tioritis

Sacara tioritis dipiharep tina ieu panalungtikan téh bisa ngeuyeuban deui métode-métode pangajaran tatakrama basa Sunda sarta bisa ngalarapkeun métode *Role Playings* sacara éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa.

1.4.2 Manfaat Praktis

Sacara praktis dipiharep ieu panalungtikan téh aya mangpaatna. Mangpaat nu dipiharep téh nyaéta ieu di handap.

1) Pikeun panalungtik

Panalungtik bisa mikaweruh ngeunaan kaéféktifan hiji métode pangajaran, nyaéta métode *Role Playing* pikeun pangajaran tatakrama basa Sunda.

2) Pikeun Siswa

Pikeun siswa nu miboga masalah dina ngalarapkeun tatakrama basa, panalungtik nyobaan ngagunakeun métode *Role Playing* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nyarita ngagunakeun tatakrama basa Sunda.

3) Pikeun Guru

Tina ieu panalungtikan guru mikaweruh salasa hiji métode pangajaran anu éféktif pikeun pangajaran tatakrama basa Sunda.

4) Pikeun nu maca

Tina ieu panalungtikan, bisa nambahan pangaweruh pamaca ngeunaan kaéféktifan métode pangajaran dina pangajaran tatakrama basa Sunda hususna métode *Role Playing*.

5) Pikeun Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda

Dipihareup métode pangajaran dina Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda beuki euyeub tur bisa dipaké dina kagiatan diajar-ngajar sabab geus kauji ngaliwatan panalungtikan.

1.5 Raraga Tulisan

Bab I mangrupa bab anu munggaran. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II minangka bab anu ngabahas ulikan tiori. Dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan métode *Role Playing*, pangaweruh nyarita jeung tatakrama basa. Salian ti éta, dipedar ogé raraga mikir jeung hipotésis panalungtikan.

Bab III mangrupa pedaran ngeunaan métode panalungtikan. Dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan métode panalungtikan kalayan jembar katut sumber data, desain panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV mangrupa deskripsi hasil panalungtikan. Dina ieu bab diébréhkeun sagemblengna tina panalungtikan. Hasil atawa henteuna panalungtikan bisa katitén tina ieu bab.

Bab V mangrupa kacindekan tina sakabéh pedaran. Salian ti éta, aya ogé saran. Éta saran téh bakal mangpaat pikeun nu nyieun kawijakan, ka nu ngagunakeun hasil panalungtikan, ka panalungtik satuluyna, sarta kanu ngungkulan masalah di lapangan.